

Rekòmandasyon sou Kòman pou Moun mete tèt yo an Karantèn ak Opsyon ki gen rapò ak COVID-19*

11 desanm 2020



Karantèn = mete yon moun ki te ka ekspoze a COVID-19 lwen lòt moun. Ou sipoze rete an karantèn epi rete lakay ou si w te gen kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19 **OSWA** si ou te patisipe nan yon aktivite ki gen gwo risk tankou si w te nan yon aktivite ki foul ak moun ki pa p viv avè w.

Si w an karantèn, opsyon ki plis an sekirite a se pou w rete 14 jou lakay ou. Si w pa ka rete lakay ou pou 14 jou akòz pwoblèm ekonomik oswa moman difisil, **EPI** w pa gen onkenn sentom, ou gen de (2) opsyon.

14 jou

PLIS SEKIRITE

1. OPSYON SAN TÈS: Rete lakay ou pou 10 jou. Si pandan 10 jou sa yo ou pa gen onkenn sentom, ou ka mete fen a karantèn lan. Siveye sentom yo, mete yon mas, epi pratike distans sosyal jiska 14 jou.

10 jou

14 jou

2. OPSYON AK TÈS: Rete lakay ou pou 7 jou. Al pase tès sou 5, 6 oswa 7 jou. Rete lakay ou pandan w ap tann rezilta a. Si tès la negatif **EPI** ou pa gen onkenn sentom, ou ka mete fen a karantèn lan. Siveye sentom yo, mete yon mas, epi pratike distans sosyal jiska 14 jou.

7 jou

Sou 5, 6 oswa 7 jou

14 jou

Ou pa ka mete fen a karantèn lan pi bonè ke 7 jou

Tout moun ki an karantèn sipoze mete yon mas, pran distans yo ak lòt moun, lave men yo souvan, epi kopere a contact tracer yo si w resevwa yon apèl.

* karantèn 7 jou yo pa rekòmande pou espas rezidans ki gen gwo risk yo tankou kote moun ap resevwa swen alontèm, prizon, kay/chèltè an gwoup.